



Kesyon pou poze tèt ou lè w ap chwazi yon plan

Marketplace Asirans Sante ofri diferan kalite plan pou satisfè yon varyete bezwen ak bidjè. Pifò moun kalifye pou ekonomi pou fè kouvèti asirans sante a abòdab. Konpare plan ki baze sou sa ki enpòtan pou ou, epi chwazi pri ak pwoteksyon ki adapte bezwen ou yo. Poze tèt ou kesyon sa yo pandan w ap achte pou pwoteksyon Marketplace.

Èske'm kapab jwenn èd pou'm peye pou kouvèti asirans Marketplace la?

Lè ou enskri nan yon plan sante sou [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov), ou ka jwenn plan prim ki ba si w kalifye pou ekonomi. Plis moun pase tout tan anvan ka kalifye pou ekonomi ki diminye pri prim chak mwa ak swen. Apre w fin ranpli yon aplikasyon Marketplace, w ap aprann si w kalifye pou ekonomi. Ekonomi sa pwal aplike tou nan kouvèti dantè pitit ou-a, si li nan yon pati nan plan sante'w la oswa yon plan dantè separe.

Vizite [HealthCare.gov/lower-costs](https://www.healthcare.gov/lower-costs) pou wè si ou ka kalifye pou ekonomi nan Mache Asirans la selon revni-ou.

Ki benefis plan sante yo kouvri?

Tout plan sante nan Marketplace la ofri menm ansanm “avantaj sante esansyèl yo.” Avantaj sa yo kouvri bagay tankou vizit kay doktè, preskripsyon, ospitalizasyon, gwosès, ak anpil lòt ankò.

Plan sante yo kapab ofri lòt avantaj, tankou pwogram pou swen vizyon, dantè oswa pwogram jesyon medikal pou yon maladi oswa yon kondisyon medikal espesifik. Sepandan, avantaj espesifik yo kapab diferan nan chak eta. Menm nan menm eta a, kapab gen ti diferans nan plan yo. Pandan w ap konpare plan yo, ou pral wè ki avantaj chak plan kouvri.

Kòman m kapab jwenn yon plan ki pa depase bidjè mwens e k ap satisfè bezwen m?

Lè w ap chwazi yon plan, li bon pou w panse ak depans total swen sante w yo, men pa sèlman ak prim ou peye konpayi asirans ou an chak mwa a. Lòt depans ou peye ak kòb pòch ou, tankou ko-asirans oswa yon kopeman, kapab fè gwo enpak sou depans total pou swen sante ou.

Pou w chwazi yon plan ki baze sou depans total swen w yo, w ap bezwen fè yon estimasyon kantite swen w gendwa itilize pou ane k ap vini an. Lè w konpare plan yo nan Marketplace la, ou kapab chwazi kantite swen medikal ou prevwa pou chak manm fanmi w tankou ba, mwayen oswa wo. Lè w gade plan yo, w ap wè yon estimasyon pou depans total ou yo—ki gen ladan l prim asirans mansyèl ak tout depans ou peye ak kòb pòch ou—selon sa yo prevwa tout moun nan kay ou a pral bezwen pou swen sante.

Plan mache yo mete nan 5 kategori metal: Bwonz (Bronze), Ajan (Silver), Lò (Gold), Platinòm (Platinum) ak Katastwofik (Catastrophic). **Kategori sa yo baze sou kòman ou menm ak plan sante w la pataje depans total pou swen w yo.**

Anjeneral, kategori plan ki gen prim ki pi wo yo (Lò ak Platinòm) peye plis nan depans total pou swen w yo. Kategori ki gen prim ki pa ba yo (Bwonz ak Ajan) peye mwens nan depans total ou yo. Gade eksepsyon sou plan Silver nan bwat fonsè a.

Si w poko gen 30 an, ou ka enskri nan yon plan Katastwofik si w gen yon egzanpsyon oswa ou pa. Si w gen 30 an oswa plis, ou ka enskri nan kategori plan sa a sèlman si w kalifye pou yon egzanpsyon pou difikilte (sa enkli egzanpsyon pou abòdab). Pou aprann plis sou egzanp difikilte, vizite [HealthCare.gov/health-coverage-exemptions/hardship-exemptions](https://www.healthcare.gov/health-coverage-exemptions/hardship-exemptions).

Men kòman w kapab jwenn yon kategori plan ki bon pou ou:

- **Si w espere anpil vizit doktè oswa si w bezwen preskripsyon regilye:** ou ka vle yon plan Gold oswa Platinum. Anjeneral plan sa yo gen prim ki pi wo chak mwa men yo peye plis nan depans pou lè w bezwen jwenn swen an.
- **Si ou pa espere sèvi ak sèvis medikal regilye epi ou pa pran preskripsyon regilye:** ou ka anvi pran yon plan Ajan, Bwonz oswa plan Katastwofik. Plan sa yo koute w mwens pa mwa, men yo peye mwens nan depans pou lè w bezwen jwenn swen yo.

Si w kalifye pou ekonomi anplis sou depans ki soti nan pòch yo: pi bon valè ou ka se yon plan Silver.

Si w kalifye pou w jwenn yon “rediksyon pou depans pataje” ki baze sou revni w, ou kapab gen yon franchiz ki pi ba epi depanse mwens ak kòb pòch ou (sa gen ladan l kopeman ak ko-asirans) lè w ap jwenn swen—men se sèlman si w enskri nan yon plan Ajan.

Kòman kouvèti asirans swen dantè a fonksyone nan Marketplace la?

Aprè w fin ranpli aplikasyon Marketplace ou a epi w jwenn rezilta w yo, ou kapab gade plan sante ki gen kouvèti asirans swen dantè yo. Kèk plan sante ofri kouvèti dantè, men se pa tout. Si ou vle kouvèti dantè ak plan ou pa ofri li, ou ka enskri nan yon plan apa pou kont li nan menm tan ou enskri nan yon plan sante. Gen kèk plan dantè sèlman ki kouvri timoun yo epi lòt yo kouvri fanmi yo. Ou ta dwe revize detay plan yo pou asire ke plan an gen ladan benefis ou vle yo.

Kouvèti dantè timoun yo nan Mache Asirans la se yon benefis sante esansyèl. Sa vle di si pitit ou a gen 18 lane oswa pi piti, kouvèti asirans swen dantè a dwe fè pati yon plan sante oswa li dwe disponib antanke yon plan swen dantè apa.

Èske doktè m lan ak medikaman sou preskripsyon m yo ap fè pati kouvèti asirans lan?

Lè w kòmanse konpare plan yo nan Marketplace la, w ap gen posiblite pou w antre nan doktè w yo, etablisman medikal yo, ak medikaman sou preskripsyon w yo. Lè ou wè plan yo, ou pwal wè si chak plan kouvri doktè yo, etablisman medikal yo, ak medikaman sou preskripsyon ou te antre yo.

Ki evalyasyon kalite plan sante a?

Ou kapab konpare plan sante nan Mache Asirans la avèk yon evalyasyon bon jan kalite 5-zetwal pou chak plan. Anba sistèm evalyasyon kalite ak 5 etwal la, evalyasyon yo fèt sou yon echèl de 1 a 5. Senk-etwal vle di ke plan-an genyen pi bon evelyasyaon pou kalite. Nan kèk ka evalyasyon ak zetwal pa ka disponib, tankou lè plan yo nouvo oswa gen enskripsyon ki ba. Lè evalyasyon ak etwal la ba, sa pa vle di ke plan yo gen yon evalyasyon pou kalite ki ba. Pou plis enfòmasyon sou evalyasyon kalite, vizite [Marketplace.cms.gov/outreach-and-education/choosing-a-high-quality-plan.pdf](https://www.cms.gov/outreach-and-education/choosing-a-high-quality-plan.pdf).

Ou gen Kesyon? W ap jwenn Èd disponib.

- Vizite [HealthCare.gov/choose-a-plan](https://www.healthcare.gov/choose-a-plan) pou plis enfòmasyon.
- Jwenn yon moun nan zòn ou an pou ede w [LocalHelp.HealthCare.gov](https://www.localhelp.healthcare.gov).
- Kontakte Sant Apèl Marketplace la nan **1-800-318-2596**. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-855-889-4325.

Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon Marketplace nan yon fòma aksesib, tankou gwo lèt, bray, oswa odyo.

Ou gen dwa tou depoze yon plent si ou santi ou te fè diskriminasyon kont ou.

Vizite [CMS.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/cmsnondiscriminationnotice](https://www.cms.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/cmsnondiscriminationnotice), oswa rele Sant Apèl Marketplace la nan 1-800-318-2596 pou plis enfòmasyon. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-855-889-4325.

Health Insurance Marketplace

CMS Product No. 11672-HC (Haitian-Creole)
Revised October 2021

Pwodui sa a fèt sou kont kontribiyab Etazini.

Health Insurance Marketplace® is a registered service mark of the U.S. Department of Health & Human Services.



HealthCare.gov